

ONGORORO YEBHUKU

Chirongwa cheKusimudzira Tsika Dzakanaka neKuvandudza Hunhu

Uyo anokudanai akatendeka, uye achazviita.

1 VaTesaronika 5:24

Mugwagwa Unoenda kuHunhu (The Road to Character)

David Brooks

Mubhuku rake rinonzi Mugwagwa Unoenda kuHunhu, David Brooks anotsanangura kuvakwa kwehunhu achipatsanura tsika dzakanaka kuita 'resume virtues' (hunhu hunoiswa pachinyorwa chezvakaitwa nemunhu) uye 'eulogy virtues' (hunhu hunotaurwa pamariro emunhu). Hunhu hwekutanga hunotarisisa zvinhu zvinonekwa kunze, asi hwechipiri hunotarisisa munhu wemukati, kuzvininipisa, uye kushandira vamwe.

Brooks anoratidza kuti tsika dzevanhu dzakashanduka kubva pakusimbisa kuzvininipisa kuenda pakusimbisa munhu pachake. Vanhu vakatanga kurairwa kuti 'iva wakatendeka kwauri pachako.' Kare vanhu vainzwisisa kuti hunhu hahuuye hwoga asi hunovakwa mukati menharaunda.

Achishandisa nyaya dzevanhu vakasiyana-siyana, Brooks anoratidza nzira dzakasiyana dzekukura kwehunhu. Anosanganisira Frances Perkins, Viktor Frankl, Dorothy Day, Augustine, George Marshall nevamwe semienzaniso yevanhu vakaratidza kukura kwehunhu kuburikidza nekuzvidzora, kutambura, kuzvininipisa uye kuzvipira.

Anoratidza kuti kutambura kunodzidzisa munhu kutenda nekuziva kuti rudo nerutsigiro zvaanopiwa hazvisi zvinhu zvaanofanirwa nazvo. Tsika yemazuva ano inopemberera munhu pachake, asi mhinduro ndeyekuzvipira nekuzvininipisa.

Muchitsauko chekupedzisira Brooks anotsanangura kuchinja kwakaitika mutsika dzevanhu muzana remakore rechimakumi maviri, apo vanhu vakatanga kukoshesa kuzvivimba, kuzvirumbidza, uye kuzvifadza kupfuura hunhu.

Anopedzisa achipa mitemo gumi neshanu yekuzvininipisa, achisimbisa kuti hatirarami kuti tifarere chete asi kuti tive vatsvene; kuzvikudza ndicho chivi chikuru; uye hunhu hunovakwa mukurwisana kwepamoyo pakati pezvakanaka nezvakaipa.

Bhuku iri rinobatsira kunzwisisa kushanduka kwetsika nemagariro uye rinoratidza kukosha kwekuvakwa kwehunhu munyika yanhasi.